

Èske oumenm oswa yon manm fanmi w te travay nan Rafinri Petwòl St. Croix an sou zile Vyèj Ameriken yo?

Si ou te ekspoze ak amyant (asbestos) nan Rafinri Petwòl St. Croix epi ou te resevwa yon dyagnostik oswa ou malad avèk yon maladi anrapò avèk amyant, ou dwe depoze reklamasyon ou oplita a 5:00 p.m. (Lè Zòn Santral) nan dat 17 Mas 2023.

Hess Oil Virgin Islands Corporation (“HOVIC”), ki rele kounye a HONX, Inc. (“HONX”), te konstwi, posede, epi opere yon Rafinri Petwòl soti 1965 jiska 1998 nan St. Croix, Zile Vyèj Ameriken yo. Travayè yo nan Rafinri Petwòl sa a (ak manm fanmi yo epi lòt moun ki te vin antre an kontak avèk travayè sa yo) gendwa te ekspoze ak amyant pandan peryòd sa a. Tanpri li avi sa a avèk anpil atansyon, paske li ka afekte dwa w kont HONX, ki te depoze dosye fayit, epi li bay enfòmasyon sou afè a, In re HONX, Inc., No. 22 90035 (MG) (Bankr. S.D. Tex.). Avi sa a se yon rezime. Pou jwenn plis detay, ale sou www.StCroixClaims.com oswa rele nan (855) 345-6272.

Kisa Amyant ye?

Amyant se yon fib yo te konn itilize kòm izolan nan fil, tiyo, chodyè, dèlko, separatè vapè, ponp, vav, tablo elektrik, gaskèt, materyèl anbalaj, tibin, konpresè, siman, ak tiyo an siman.

Maladi anrapò avèk amyant yo ka grav anpil epi yo gen ladan maladi tankou mezotelyòm, kansè poumon, kansè larenjit, kansè ezofajyen, kansè farenjit, kansè nan lestomak, asbestoz ak nemokonyoz. Maladi anrapò avèk amyant ka rive plizyè deseni apre ekspozisyon ak amyant.

Kimoun Ki Dwe Depoze yon Reklamasyon?

Nenpòt moun ki kwè yo gen yon reklamasyon kont HONX pou maladi anrapò avèk amyant dwe soumèt yon reklamasyon nan dat limit la oplita pou yo ka kalifye pou konpansasyon. Ou ka te ekspoze ak amyant si oumenm oswa yon manm fanmi w te travay nan Rafinri Petwòl la kòm yon anplwaye oswa kontraktè, oswa nan nenpòt lòt wòl. Reklamasyon yo kapab depoze tou nan non yon manm fanmi ki mouri, ki enkapab, oswa ki se yon minè.

Si w gen sentòm men yo poko fè yon dyagnostik maladi anrapò avèk amyant pou ou, ou dwe soumèt yon reklamasyon pou w konsève dwa ou pou konpansasyon nan men HONX.

Ou ta dwe konsilte yon avoka si ou gen nenpòt kesyon, sa gen ladan konsènan si ou ta dwe depoze yon reklamasyon.

Kilè epi Kòman Mwen Dwe Fè yon Reklamasyon?

Ou dwe itilize Fòm Prèv Reklamasyon pou Amyant lan pou w depoze yon reklamasyon oplita nan dat **17 Mas 2023, a 5:00 p.m.** (Lè Zòn Santral). Reklamasyon yo ka depoze sou Entènèt nan www.StCroixClaims.com. Ou ka telechaje fòm reklamasyon sou papye a sou sitwèb la oswa ou ka mande l lè w rele nan (855) 345-6272 (san frè Ozetazini), oswa (949) 236-4562 (deyò Etazini). Ou ka kontakte Komite Ofisyèl Kreyansye San Garanti yo tou (Committee of Unsecured Creditors) nan HONXclaimantinfo@akingump.com. Sa ka pran yon tikras tan tankou senk minit pou w ranpli yon fòm reklamasyon.

AJI KOUNYE A Anvan Tan An Fin Pase:



Depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant.



Si reklamasyon ou kont HONX apwouve, ou gendwa resevwa konpansasyon nan men HONX.



Ou gen kesyon? Rele oswa vizite sit entènèt la pou jwenn plis enfòmasyon.